



Konsèy Komisè Elektoral nan Vil Cambridge

51 Inman Street, Cambridge, MA 02139 • Telefòn: 617-349-4361
Faks: 617-349-4366 • Email: elections@cambridgema.gov

Komisè yo:

Ethridge A. King
Larry W. Ward
Charles J. Marquardt
Victoria A. Harris

Direktè Egzekitif:

Tanya L. Ford

Asistan Direktè:

Lesley Waxman

STD KI PREZÈVE
US POSTAGE
PEYE
CAMBRIDGE MA
NIMEWO PÈMI 58215

Kliyan Rezidansyèl
Cambridge, MA

Adrès Pou Bwat Depo Ofisyèl Bilten Vòt

(Pou moun k ap vote nan Cambridge sèlman)

- 1. MERI (City Hall):** Tou prè pòt dèyè bilding ki nan 795 *Massachusetts Avenue*
- 2. Lekòl Morse (Morse School):** Tou prè rantrè ki devan bilding ki nan 40 *Granite Street*
- 3. Katye Jeneral Polis Cambridge (Cambridge Police Headquarters):** Toupre rantrè bilding lan 125 *6th Street*
- 4. Maria L. Baldwin School**
Bò dwat ki nan Antre Bilding Oxford Street ki nan 85 *Oxford Street*
- 5. Bibliyotèk O'Neill:** Sou kote eskalye ki nan rantrè bilding ki nan 70 *Rindge Avenue*
- 6. Bilding Coffon:** Bò dwat ki anfas bilding ki nan 51 *Inman Street*



Komisyon Elektoral
Cambridge fè vòt la vin pi
fasil ak pi aksesib selon orè
ou. Vote Alavans pa imèl
oswa anpèsòn!

**Gen 6 Bwat Bilten Vòt
Ki Disponib Pou Pote
Tounen Bilten Vòt Moun
Voye Pa Lapòs**

**14 Jou Vòt An Pèsòn Ki
Fèt Alavans**

**3 Adrès Pou Vòt Ki
Fèt Alavans Atravè
Cambridge**

**Gen Orè Ki Disponib
Lè Wikenn**

Resous multileng yo:



বাংলা



ខ្មែរ



عربي



PANYÒL



中文



PÒTIGÈ



KREYÒL AYISYEN



ANGLÈ



GID 2022 POU VÒT KI FÈT ALAVANS

NAN VIL CAMBRIDGE



VOTE ALAVANS! VOTE PA LAPÒS!

8 Novanm se Jou Eleksyon nan Èta a

Komisyon Elektoral Cambridge fè vòt la vin pi fasil ak pi aksesib selon orè ou. Vote alavans pa imèl oswa an pèsòn!

Peryòd Pou Vote Alavans An Pèsòn

22 Oktòb jiska 4 Novanm

Gade anndan pou kapab wè orè ak adrès yo!

Enskripsyon Elektè

Anliy: www.RegisterToVoteMA.com

Si ou pa gen yon Idantifyan pou Rejis Machin Ak Motè (Registry of Motor Vehicles ID), ou ap bezwen enprime fòm enskripsyon an epi voye l pa lapòs nan Biwo Komisyon Elektoral (Election Commission Office) ki nan 51 Inman St, Cambridge MA, 02139.

Anpèsòn:

Biwo Komisyon Cambridge (Cambridge Election Commission), MA 02139 pandan lè biwo regilye.

Samedi 29 Oktòb, ou ka enskri nan nenpòt Adrès Biwo Vòt Ki Fèt Alavans sòti 9 a.m jiska 3 p.m. oswa nan Biwo Komisyon Elektoral ki nan 9 a.m. jiska 5 p.m.



Verifye Eitati w Anrejistreman Kòm Moun Ki Ap Vote

www.RegisterToVoteMA.com

oswa rele Biwo Komisyon Elektoral la nan 617-349-4361.

Dat limit pou anrejistre oswa fè chanjman nan non w, adrès, oswa pati politik se samdi 29 Oktòb.

KONPRANN VÒT KI FÈT ALAVANS LAN



Kisa Vòt Ki Fèt Alavans Lan Ye?

Vòt ki fèt alavans se yon opòtinite pou vote anvan Jou Eleksyon an. Ou kapab vote an pèsòn oswa pa lapòs, epi bilten vòt ou an ap anrejistre pou ou nan Jou Eleksyon an. Se Lwa nan Eta Massachusetts State ki etabli peryòd vòt ki fèt alavans lan.

Kiyès ki kapab vote alavans?

Nenpòt elektè ki anrejistre nan Cambridge kapab vote pandan peryòd vòt ki fèt alavans lan! Kontrèman ak vòt pa korespondans, ou pa bezwen yon eskiz oswa rezon pou vote bonè!

Ki kote mwen kapab vote alavans?

Kontrèman ak Jou Eleksyon an, ou pa asiyen ak yon biwo vòt. Ou kapab ale nan nenpòt Adrès Biwo Vòt Ki Fèt Alavans ki detaye anba a. **Biwo Komisyon Elektoral** ki nan 51 Inman Street P AP yon adrès biwo vòt ki fèt alavans ki pou Eleksyon nan Eta a.

Ki kote mwen kapab vote alavans?

Peryòd Vòt Ki Fèt Alavans lan ap kòmanse apati samdi 22 Oktòb jiska vandredi 4 Novanm. Orè yo ka varye yon jou pou ale nan yon lòt poutèt sa verifiye orè anba a.

Kisa ki ap rive si mwen vle vote nan Jou Eleksyon an pito?

Si ou pa vle vote alavans, ou kapab toujou vote nan adrès biwo vòt ki asiyen pou ou nan Jou Eleksyon an.

TANPRI OU DWE KONNEN ADRÈS BIWO VÒT OU AN KA CHANJE.

Ou ap resevwa yon notifikasyon pou elektè avèk adrès yo asiyen w lan anvan Jou Eleksyon an, oswa ou kapab gade l nan www.cambridgema.gov/pollinglocations. Biwo vòt yo ap ouvè sòti 7 a.m. jiska 8 p.m. jou ki ap madi 8 Novanm lan. Ou kapab vote sèlman yon sèl fwa—si ou te vote alavans, ou p ap kapab vote nan Jou Eleksyon an.

VOTE ALAVANS AN PÈSÒN



SAMDI	DIMANCH	LENDI	MADI	MÉKREDI	JEDI	VANDREDI
22 OKTÒB	23 OKTÒB	24 OKTÒB	25 OKTÒB	26 OKTÒB	27 OKTÒB	28 OKTÒB
9 A.M. - 3 P.M.	9 A.M. - 3 P.M.	8:30 A.M. - 8 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 12 P.M.
29 OKTÒB	30 OKTÒB	31 OKTÒB	1ye NOVANM	2 NOVANM	3 NOVANM	4 NOVANM
9 A.M. - 3 P.M.	9 A.M. - 3 P.M.	8:30 A.M. - 8 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 5 P.M.	8:30 A.M. - 12 P.M.

Adrès Pou Vote Alavans An Pèsòn

Bibliyotèk Prensipal (Main Library) – 449 Broadway

Depatman Pou Dlo Nan Cambridge (Cambridge Water Department) – 250 Fresh Pond Parkway

Bibliyotèk Valente (Valente Library) – 826 Cambridge Street, Rantre ki sou bò Berkshire Street

Biwo **Komisyon Elektoral** ki nan 51 Inman Street **PA** yon adrès biwo vòt ki fèt alavans pou Eleksyon nan Eta a. Moun ki ap vote yo dwe ale nan youn (1) nan lokal ki deziyen pou vòt alavans ki site anwo a.



VÒT KI FÈT ALAVANS PA LAPÒS

Dat limit enpòtan

Dat limit pou fè demann yon bilten vòt: Madi 1ye Novanm a 5 p.m.

Komisyon elektoral la rekòmande pou aplike pi bonè posib pou asire w ou resevwa l alè.

Dat limit pou pote bilten vòt yo tounen pandan ou ap depoze l nan bwat la oswa an pèsòn se:

Madi 8 Novanm a 8 p.m.

Dat limit pou pote bilten vòt yo tounen pa lapòs se: Samdi 12 Novanm a 5 p.m.,

so lapòs la dwe make Jou Eleksyon an epi Biwo pou Komisyon Elektoral la dwe resevwa l.

1. —————→

Telechaje yon fòm aplikasyon www.MailMyBallotMA.com oswa fè yon demann pou yon bilten vòt avèk non w, adrès ou nan Cambridge, adrès ou vle yo voye bilten vòt la pou ou, ak siyati w. **Elektè ki pa enskri yo dwe endike bilten vòt pou ki pati yo ta renmen jwenn tou.**

Si ou enskri nan pati Demokrat oswa Repibliken, ou ka vote sèlman sou bilten vòt pati a. Si ou pa enskri (sa yo rele jeneralman moun ki endepandan), ou kapab chwazi yon bilten vòt pou vote nan primè a, epi rete kòm moun ki pa enskri.

2. —————→

Voye aplikasyon ou an ki siyen pa imel, faks, oswa lapòs. Si ou voye aplikasyon ou an pa imel, ou ap bezwen siyen l yon fason pou nou kapab konpare l ak siyati ou fè alamen an. Nou aksepte siyati elektwonik, aplikasyon ki eskane, ak foto pou aplikasyon. Nou p ap kapab aksepte siyati ki tape.

Imel: elections@cambridgema.gov

Faks: 617-349-4366

Lapòs: Cambridge Election Commission, 51 Inman Street
Cambridge, MA 02139

3.

Opsyon pou voye bilten vòt lan tounen:

- Voye bilten vòt la tounen pa lapòs pandan ou ap itilize anvlòp preafanchi (anvlòp ou pa peye anyen pou lapòs paske li peye deja) yo bay avèk bilten vòt ou an
- Voye anvlòp ki gen bilten vòt ak so a tounen bay yon ofisyèl nan eleksyon an nan adrès ki deziyen pou vòt ki fèt bonè pandan lè ki tabli pou vòt ki fèt bonè a
- Depoze bilten vòt ou an nan youn nan sis (6) bwat pou bilten vòt ki nan Cambridge. Nou mete adrès kote gen bwat pou bilten vòt la nan dènye paj gid sa a. Bwat pou depoze bilten yo disponib sòti 7 a.m rive 8 p.m chak jou jiska Jou Eleksyon an madi 8 Novanm a 8 p.m



Suiv Bilten Vòt Ou An Anliy!

www.TrackMyBallotMA.com

Ou Gen Kesyon?

Ale sou Sit Entèt pou Vòt Ki Fèt Alavans nan

www.CambridgeMA.gov/EarlyVoting

Rele Biwo Komisyon Elektoral lan nan 617-349-4361

Voye yon imel nan elections@cambridgema.gov